

Y ap Loje Fanmi ak Opsyon Miltip nan Florida

Release Date: Avril 12, 2023

LAKE MARY, Fla. – Fanmi nan Florida ki te pèdi itilizasyon kay yo apre Siklòn Ian ap deplase nan inite lojman tanporè FEMA yo nan yon ritm akselere. Apati 12 Avril, 1,001 aplikan ki elijib te okipe trelè vwayaj FEMA yo, inite lojman fabrike oswa apatman lwe.

Plis pase mwatye nan fanmi ki te resevwa kle pou lojman yo sitye nan Konte Lee, kote tanpèt la te rive sou tè a. Gen kèk fanmi ki te jwenn yon lojman pèmanan epi yo te deplase soti nan inite FEMA yo. Kounye a, 963 fanmi ap okipe 979 inite, ki gen ladan 466 trelè vwayaj, 227 inite lojman manifaktire ak 282 apatman lwe.

Anplis de sa, FEMA ap fè kontra ak pwopriyetè nan konte ki afekte yo pou lwe apatman yo, fè reparasyon epi mete fanmi yo nan inite yo.

FEMA ap travay tou ak pak komèsyal kay mobil pou lwe sit pou enstale inite yo.

Akoz yon mank de sit ki disponib pou kay yo, FEMA ap travay ak jiridiksyon eta a ak lokal yo pou konstwi sit gwoup nan Konte Lee ak Konte Charlotte. Sit sa yo pral jere pa FEMA nan kòmansman ete a.

Ofisye Kowòdinasyon Federal (Federal Coordinating Officer) Tom McCool di, "Nou gen inite ke nou te kòmande yo, yo te delivre, enstale, enspekte epi remèt bay fanmi yo. "N ap travay ak plizyè opsyon pou aplikan yo: trelè epi inite pi gran sou pwopriyete prive yo, inite nan pak komèsyal yo, apatman, epi byento nou pral gen sit lojman an gwoup."

Plis pase 76,000 fwaye te resevwa \$723 milyon dola nan Asistans Endividyèl FEMA pou lwaye ak reparasyon debaz lakay yo.

FEMA ap ebèje 469 fanmi nan chanm otèl pandan y ap chèche lojman pou yon tan ki long. Plis pase 4,100 fanmi te deplase soti nan chanm otèl apre yo fin jwenn lojman.



FEMA

Page 1 of 2

FEMA ap finanse tou pwogram eta a ki te loje 647 fanmi nan trelè lojman tanporè jiskaprezan.

Kalite Lojman Tanporè yo

Lwaye ak Reparasyon lojman pou plizyè fanmi se yon akò ant FEMA ak pwopriyetè pwopriyete yo pou repare inite lojman miltifanmi ki egziste deja pou itilize kòm lojman tanporè pou sivivan yo. Pou jounen jodi a, nou gen 100 inite ki sekirize nan Konte Collier epi yo an pwosesis pou reparasyon. Yo idantifye 12 inite adisyonèl nan Konte Lee epi yo nan pwosesis apwobasyon.

Lwaye dirèk se yon kontra ak pwopriyetè pwopriyete pou lwe pwopriyete yo pou itilize kòm lojman tanporè pou sivivan yo. Pou jounen jodi a, nou gen 282 fwaye ki arive loje nan kay ki sitye nan konte Charlotte, Lee, Sarasota, ak Volusia, epi majorite a, 200, trouve yo nan Konte Lee.

Inite Lojman Transpòtab ki dekri kòm Veyikil Rekreyasyon (Recreational Vehicles, RV) oswa Inite Lojman Prefabrike (Manufactured Housing Units, MHU). RV remòkab yo ak 1–3-chanm MHU yo kapab enstale sou pwopriyete prive, pwopriyete komèsyal – pak RV oswa nan kominote kay mobil, oswa nan sit gwoup – tèren amenaje pou plasman inite lojman yo. Pou jounen jodi a, nou gen 693 inite ki enstale sou pwopriyete prive ak komèsyal nan tout sèt konte epi majorite a (219 pwopriyete komèsyal ak 474 pwopriyete prive) trouve yo nan Konte Lee.

Yo pral lwe plis sit komèsyal lè vin disponib, epi yo idantifye plizyè sit gwoup nan konte Lee ak Charlotte epi yo nan plizyè etap pwosesis revizyon/apwobasyon.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekipasyon Florida apre Siklòn Ian, vizite floridadisaster.org/info and fema.gov/disaster/4673. Swiv [@femaregion4](https://twitter.com/femaregion4) / facebook.com/fema.



FEMA

Page 2 of 2